

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup *berbudaya* mangrupa salah sahiji paréntah ti Alloh swt., pikeun manusa. Hal éta teu leupas tina pancén manusa salaku *khalifah* atawa pamingpin di alam dunya, saperti nu kaunggel dina Kalam-Na, Al-Quran Surat Al-Baqoroh (2) ayat 30.

Hiji komunitas atawa kelompok masarakat, moal beunang dipisahkeun tina aturan sarta kabiasaan anu geus ngawujud adat-istiadat nu disebut budaya. Ku kituna, pikeun sumebarna Islam di Nusantara, budaya jeung Islam sajalan dina kamekaranana. Ngaliwatan kabudayaan, nepi kiwari napas-napas Islam aya dina kasundaan.

Manusa diciptakeun ku Pangéran pikeun *berbudaya*. Contona, waktu diparéntah pikeun ibadah, manusa teu bisa ngaleupaskeun diri tina budaya. Di Indonesia, waktu ngalaksanakeun ibadah solat, maké kopéah jeung sarung geus jadi tradisi pikeun muslim (lalaki nu agamana Islam). Sedengkeun pikeun muslimah (awéwé nu agamana Islam) maké mukena, sajadah, tasbé, jsté. Lantaran kitu, katitén yén budaya téh mangrupa hal anu ngéntép seureuh, bisa robah alatan jaman, sarta ajénna rélatif (teu mutlak).

Dina basa Arab, budaya disebut '*Urf*. Sacara harfiah hartina hal anu dianggap hadé tur bisa ditarima ku akal séhat. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Hanafie (1975: 145), "*Urf ialah apa yang biasa dijalankan orang, baik dalam kata-kata maupun perbuatan. Dengan perkataan lain, ialah adat kebiasaan.*"

Nurutkeun Baried dina Suryani (2012: 101) kabudayaan nya éta pangaweruh manusa anu dipercaya bebeneranana, anu tumali jeung rasa manusa, sarta jadi sumber pikeun ngajén. Boh nu hadé boh nu goréng, alus atawa henteuna, bersih atawa kotor, jsb. Sabab, dina kabudayaan nyangkaruk ajén-inajén anu nyoko kana sawangan hirup jeung *kode etik* nu dipibanda ku unggal manusa.

Wujud kabudayaan dina wangun naskah, mangrupa objék anu bisa dijadikeun tatapakan pikeun meunangkeun ajén kahirupan. Eusina mangrupa eunteung tina kahirupan manusa jaman baheula anu euyeub ku pangalaman, pangaweruh jeung ajaran.

Nurutkeun Baried dina Pudjiastuti (2006: 160), *“Naskah kuno adalah semua bahan tulisan tangan yang menyimpan berbagai ungkapan pikiran dan ungkapan perasaan yang merupakan budaya bangsa masa lampau.”*

Wujud kabudayaan dina wangun tulisan, mangrupa salah sahiji gambaran tina hiji peradaban. Bangsa anu geus mikaweruh tulisan (budaya baca-tulis) hartina éta bangsa geus beradab. Ngaliwatan tulisan, amanat anu hayang ditepikeun ku kolot baheula ngajanggélék dina wangun naskah. Nurutkeun Soebadio dina Suryani (2012: 102)

“Kebudayaan lama suatu bangsa dapat dikenal kembali melalui bermacam bentuk, seperti dalam prasasti, candi atau peninggalan purbakala yang lain, serta naskah dan peninggalan yang berbentuk lisan. Naskah merupakan dokumen yang paling menarik, karena memiliki kelebihan, yaitu dapat memberi informasi yang luas dibandingkan peninggalan yang berbentuk candi, istana, atau pemandian suci. Peninggalan yang berbentuk puing bangunan besar tidak dapat berbicara dengan sendirinya, tetapi harus ditafsirkan.”

Lubis, dkk., (2011: 186) nétélakeun yén naskah mangrupa wujud konkret tina hiji tulisan leungeun anu diwangun ku sababaraha komponén bahan tulisan, sarta basa anu mibanda téks. Téks dihartikeun minangka eusi atawa muatan naskah anu abstrak jeung hakiki. Dina hal ieu téks dibédakeun dumasar sipatna. Aya nu sipatna Ilahiah, contona saperti téks-téks dina kitab suci nu mangrupa wahyu. Aya ogé téks-téks anu sipatna insaniah nu mangrupa karya-karya pamikiran manusa.

Téks atawa muatan naskah salah sahijina mangrupa wawacan. Nurutkeun Sumardjo (2011: 110), wawacan téh hasil budaya jaman Islam. Sacara harfiah hartina bacaan. Naskah-naskah wawacan urang Sunda, lain saukur dibaca ku sorangan, tapi sok dipidangkeun dina wangun kasenian nu disebut beluk. Sedengkeun Rosidi dina Ruhaliah (2011: 9) nétélakeun yén wawacan mangrupa

salah sahiji wangun karya sastra Sunda dina wangun dangding, dipiboga ku masarakat Sunda sanggeus ayana pangaruh ti Mataram.

Naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” kaasup kana naskah tasaup. Ieu naskah salah sahiji koléksi Museum Geusan Ulun Sumedang. Dina kaca anu mimiti, aya katerangan “Teu wawacan kagungan, Ibu Juragan Dipati, Pansiun Bandung.” Nu ngahibahkeun ka J.P.S bag. Museum, R. Ating Nata di Koesoemah. Ieu naskah geus ngaliwatan sababaraha generasi, lantaran katitén tina titimangsa dina naskah, ditulis dina taun 1334 Hijriah. Ku kituna umur naskah geus ngahontal 100 taun, sabab kiwari taun 1434 Hijriah atawa taun 2013 Masehi. Dumasar itungan taun Masehi, ieu naskah aya dina taun 1913 M, jaman saméméh Kamerdikaan.

Kiwari, loba masarakat Sunda anu can nyaho kana warisan karuhunna. Ieu alatan robahna jaman anu teu dibarung ku kasadaran, yén kalintang luhungna pangalaman kolot baheula. Hal séjénna anu matak salah harti nya éta sabagian masarakat nganggap naskah ngan saukur barang karamat anu kudu diteundeun, atawa nganggap eusi naskah geus teu saluyu atawa nyimpang tina ajaran Islam.

Lamun éta naskah teu ditalungtik, hamo lamun ajén-ajén anu nyangkaruk dina naskah moal méré mangpa’at alatan teu diropéa. Ku sabab kitu, wawacan anu beunghar ku ajén-ajén kaislaman, ajaran, pangaweruh, basa, sastra sarta miboga kaéndahan seni kudu dijaga kaaslianana sarta ditalungtik eusina. Sabab kiwari, budaya timur anu euyeub ku ajén-ajén kaislaman geus mimiti dilindih budaya barat. Saperti nu ditepikeun ku Simuh dina Kalsum (2008: 17)

“Pada peradaban global terdapat dilema yang dihadapi negara berkembang seperti Indonesia. Arus komunikasi dunia terbuka lebar-lebar. Hal yang menguntungkan dengan adanya kemudahan komunikasi global yakni pengaruh kemajuan ilmu dan teknologi yang datangnya dari negara-negara barat. Efek dari kemajuan ilmu dan teknologi ini diantaranya mensejahterakan umat manusia dari segi material. Bersamaan dengan itu, budaya barat pun menawarkan paham materialisme dan sekulerisme yang membahayakan kelestarian jati diri ketimuran yang berpegang teguh kepada religi dan fisafat religius.”

Nyurahan éta pamadegan, *materialisme* téh mangrupa pola pikir nu ngan saukur ngukur kasuksésan tina matéri, boh harta, pangkat, jrrd. (Ja’far, 2007: 31).

Padahal kasuksésan teu ngan diukur ku matéri atawa haliah dunya, tapi aya kaajegan pikiran jeung katenangan batin nu kudu dicumponan ku sakabéh manusa. Sedengkeun *sekulerisme* mangrupa paham anu misahkeun perkara dunya jeung perkara ahérat tina sagala aspék kahirupan. Lamun niténan palasipah Sunda “Élmu tungtut dunya siar, agama jeung darigama sarua pentingna” *materialisme* jeung *sekulerisme* téh geus nyalahan atawa patukang tonggong jeung cecekelan hirup urang Sunda.

Salian ti éta, sawangan ngeunaan pentingna nalungtik karya sastra Sunda buhun, ditandeskeun ogé ku Kalsum (2008: 18)

“Pengertian modern seringkali disalahtafsirkan oleh masyarakat yang sumber daya pemahaman tentang kemoderenan masyarakat masih rendah. Untuk mengantisipasi ancaman-ancaman itu seyogyanya memahami kembali pola pribadi luhur nenek moyang yang tertulis dalam naskah. Kemudian menyebarkan kembali, antara lain nilai-nilai kemanusiaan yang terkandung pada teosofi Tasawuf.”

Skripsi ngeunaan wawacan anu saméméhna geus aya di antarana, “Ajén Kaagamaan dina Wawacan Syeh Abdul Kodir Jaélani” ku Ai Sadih (2006), “Wawacan Abu Nawas: Transliterasi jeung Analisis Struktural Semiotika” ku Ranti Purnama Dewi (2012), “Ajén Budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh pikeun Bahan Pangajaran di SMP” ku Dewi Handayani (2012), “Struktur Wawacan Jaka Sundang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Arif Heryana (2011), “Analisis Struktur Wawacan Samaun pikeun Bahan Pangajaran di SMA Kelas XII” ku Anik Ziyatul Jannah (2011), jeung “Wawacan Budiman: Analisis Struktural Semiotik pikeun Bahan Ajar Maca Carita Buhun di SMA ku M. Riza Khairillah (2012).

Ajaran agama nu aya dina naskah kudu disalametkeun pikeun kasalmetan balaréa. Salah sahijina ngaliwatan panalungtikan naskah. Naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” perlu pisan pikeun ditalungtik. Eusina ngeunaan ajaran kaislaman anu euyeub ku ajén-ajén *transenden*. Minangka naskah anu kaasup kana tasaup, ieu naskah euyeub ku palasipah anu hadé pikeun kahirupan (Kalsum, 2008: 13).

Naskah anu sarua eusina tapi béda judulna “Wawacan Buwana Wisesa” saméméhna geus ditalungtik ku Dr. Kalsum, M.Hum. nu judulna “Wawacan Buwana Wisesa Sebuah Karya Tasawuf: Edisi Teks dan Analisis Struktur”. Bédana aya dina puseur anu dijadikeun panalungtikan. Ajén kaagamaan anu rék ditalungtik dina “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” ditalungtik dumasar sumber ajén ajaran Islam. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.”

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar judul skripsi anu dipedar, wawacan anu ditalungtik nya éta naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.” Cara nalungtikna museur kana ajén-ajén kaagamaan. Sangkan ambahan dina ieu panalungtikan henteu lega teuing, mangka ieu panalungtikan museur kana ajén-ajén agama Islam. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu diwatesanan, nya éta déskripsi naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka,” transliterasi naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka,” jeung ajén kaagamaan dina naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.”

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kumaha déskripsi wangun jeung eusi Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka?
- 2) Kumaha hasil transliterasi naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka?
- 3) Ajén kaagamaan naon waé anu nyampak dina naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngahudang kasadaran sangkan mikacinta tur ngaruwat budaya titinggal kolot baheula, salasahijina dina wangun naskah anu kiwari ajén-ajénna tetep luyu jeung kahirupan.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan disusun kalawan miboga tujuan pikeun ngabuktikeun jawaban tina rumusan masalah, di antarana:

- 1) Ngadéskripsikeun wangun jeung eusi Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.
- 2) Nyusun hasil transliterasi Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.
- 3) Ngadéskripsikeun ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpa'at anu dipiharep tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Pikeun panalungtik: mikanyaho kana eusi naskah “Wawacan Suluk Dua Pandita Rai sareng Raka” sarta pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan ajaran kaagamaan dina eusi naskah.
- 2) Pikeun mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah: ngahudang kasadaran sangkan ngaraksa-ngariksa tur mikacinta warisan kolot baheula, salah sahijina dina wangun wawacan anu luhung ku ajén-ajén kahirupan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga dina nulis ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB I ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

- 2) BAB II mangrupa dasar tiori ngeunaan transliterasi, ajén kaagamaan jeung wawacan.
- 3) BAB III mangrupa métodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, dirancang pikeun ngajawab jeung ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Métode anu digunakeun nya éta déskriptif analisis. Wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, téknik ngolah data, sarta léngkah-léngkah panalungtikan.
- 4) BAB IV mangrupa laporan panalungtikan jeung analisis data anu ngawengku transliterasi naskah jeung analisis naskah.
- 5) BAB V mangrupa bagian pamungkas tina skripsi. Eusina nyindekeun hasil panalungtikan sarta méré saran pikeun panalungtikan nu séjénna.